

ÈD CHOMAJ DEZAS

Kesyon ki Mande Souvan

Mwen te pedi djob mwen a apre dezaz la. Eske mwen elijib pou Èd Chomaj Dezas (DUA)?

Si pou pa gen travay akòz de dezaz la, ou kapab elijib pou Èd Chomaj Dezas (DUA) menm si pou pa kalifye pou Èd Chomaj Konpensasyon/Reanplwayman (RA/UC). Pou egzanp, ou kapab elijib pou DUA si:

- A. Si ou te pedi travay kom rezilta direk dezaz la; ou
- B. Ou pa't kapab ale travay akòz de dezaz la; ou
- C. Ou te sipoze komanse travay a yon nouvo djob, men ou te pedi djob la akòz de dezaz la; ou
- D. Ou te vin responsab pou revni lakay la apre tet kay la te mouri akòz de dezaz la; ou
- E. Ou pa kapab travay paske ou te vin blese nan dezaz la.

Eske mwen kapab kalifye pou Èd Chomaj Dezas si mwen travay poutet mwen?

Wi, si ou travay poutet ou, ou kapab kalifye pou DUA si:

- A. Ou te antre nan chomaj kom rezilta direk dezaz la; ou
- B. Ou pa kapab rive a kote ou pèfòme sèvis ou yo; ou
- C. Ou te sipoze komanse travay poutet ou men ou pa gen yon kote pou fe travay la akòz de dezaz la; ou
- D. Ou pa kapab travay paske ou te vin blese pa dezaz la.

Ki lot bagay mwen bezwen montre pou'm vin elijib pou benefis DUA?

Ou ap bezwen montre ke:

- A. Ou te travay ase pandan ane pase a; e
- B. Ou rejistre pou travay a Sant CareerSource lokal ou a e kapab e disponib pou travay, mweske:
 - Ou te blese kom rezilta siklon nan e pa kapab travay akòz de blesi a; ou
 - Ou t'ap travay poutet ou anvan siklon nan, e ou ap eseye ranje biznis ou.

Eske imigran elijib pou DUA?

Wi, si ou gen papyè travay valab e ou se yon citwayen U.S., rezidan pèmanan legal (gen kat vè), refijye, asylee, antran Cuban/Ayisyen, moun pawol pou yon ane ou plis, antran kondisyonel, viktim vyolans domestik, oswa ou te resevwa anrete depòtasyon.

Kote mwen aplike pou Èd Chomaj Dezas?

Gen twa kalite pou aplike:

1. Sou intènet la - a www.floridajobs.org.
2. Pa telefon - Rele 800-204-2418 (si intènet la pa pratikal oswa reklamasyon nan bezwen èd spesyal). Aplikasyon papye kapab fakse a Department of Economic Opportunity, Unemployment Compensation Records Unit a (850) 921-3912 oswa voye nan lapos a:
P.O. Drawer 5750
Tallahassee, FL 32314-5750
3. Sant CareerSource la ki pi pre ou gen yon òdinatè ou kapab itilize pou aplike.
 - Kinenpot jan ou aplike, asire ke ou fe yo konnen ou ap file pou yon reklamasyon ki gen relasyon a dezaz la.

Kilè mwen dwe aplike pou DUA?

Ou dwe aplike pou DUA andan 30 jou apre dezaz la, mweske dat limit aplikasyon nan ogmante. Ou dwe aplike ak tout vites paske gen chans ou ap bezwen retann pou menm rive twa semèn anvan primyè chek ou voye a ou. Si ou pa't kapab aplike anvan dat limit la, tanpri kontakte biwo nou yo pou èd.

Ki kantite tan mwen kapab resevwa benefis DUA?

Ou selman kapab resevwa benefis DUA pou 26 semenn (6 mwa) apre yon dezaz.

Kisa si yo di mwen ke mwen pa elijib pou benefis DUA?

Ou gen dwa korije desizyon nan andan swasant (60) jou depi dat Notis Detèminasyon nan. Sa pi long ke benefis UA nòmal. Ka ou ap planifye pou yon tribinal anvan yon Abit Revizyon. Si ou bezwen yon moun pou tradwi, ou dwe mande pou yon ak tout vites. A tribinal la, ou ap bezwen eksplike a Abit Revizyon nan poukisa desizyon nan pa't korek e poukisa ou dwe resevwa DUA. Ou dwe pran temwaye e dokiman avek ou pou pwouve ka ou.